


La Bib pou ti moun prézanté

Jozye vin responsab



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Moyiz te mouri. Jozye te konnen
Bondye te chwazi li pou dirije
Izrayelit yo. Anvan Jozye te
prepare lame li a, li te dwe
prepare tèt li. Bondye te pwomèt
Jozye viktwa ak pwosperite
nan Latè Pwomiz la si pèp la
te obeyi Pawòl Bondye a.







3



4




5



6



7




8



Jeriko te gen miray solid ak pwès. Pandan Jozye t ap prepare atak li a, Bondye te voye Kapitèn lame syèl li a pou raple nouvo responsab la Bondye ranpòte laviktwa nan batay yo pou pèp li a.




9




Bondye te di Jozye pou l atake Jeriko. Se te yon plan ki te etranj anpil. Pèp Bondye a te dwe fè tou vil la yon fwa pa jou pandan sis jou, epi sèt fwa nan setyèm jou a. Kidonk, yo te dwe sonnen twonpèt epi rele byen fò, epi miray vil la t ap mal tonbe !

10

Jozye ak lame li a te fè egzakteman jan Bondye te kòmande a. Petèt moun Jeriko yo t ap pase yo nan betiz. Men, apre setyèm mach la nan setyèm jou a, sakrifikatè yo te soufle nan kòn belye yo, epi jan Bondye te pwomèt la, **GWO MI JERIKO YO TE TONBE !**




11



Se sèlman kay Rahab la, ki te nan mi a, ki te sove. Li te kite kòd wouj la pandye nan fenèt la. Mesye Jozye yo te sove Rahab ak fanmi li byen vit. Apre sa, yo te detwi Jeriko, jan Bondye te bay lòd la.

12



Jozye te dedye solanèlman lò, ajan ak trezò Jeriko yo pou sèvis Bondye. Apre sa, yo te mete yon madichon sou nenpòt moun ki ta vle rebati vil la. Byen vit, tout moun nan Kanaran te konnen kijan Jozye te detwi Jeriko. Yo te konnen Bondye te avèk pèp li a.

13

Jozye vin responsab


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jozye 1-6


"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

14



Fen

13



60

15

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

16